

Penn Station Access

Kat nouvo stasyon nan East Bronx ak sèvis Metro-North dirèk pou rive Penn Station, Westchester ak Connecticut



Deplasman pi rapid. Plis Sèvis. Koneksyon Rejyonal.

Sèvis Metro-North dirèk la pou soti Bronx, Westchester ak Connecticut pou rive Penn Station ak kote lwes Manhattan lan preske fini. Penn Station Access ap ranfòse jistis, koneksyon rejyonal ak santiman sekirite grasa yon nouvo opsyon transpò piblik lap ofri.

Grasa kat nouvo stasyon tren aksesib pou moun andikape nan East Bronx lan ansanm ak gwo tonton amelyorasyon nan enfrastruktir stasyon chemen fè a, Penn Station Access pral kore ekonomi lokal la epi atire moun ak talan grasa aksè kap ogmante pou katye ki pa gen sèvis, trajè kap vin pi kout ak posiblite pou trajè ale retou.

Pwojè a ap itilize Liy Hell Gate Amtrak gen deja pou rive Penn Station, kote l ap esplwate leplis posib kapasite enfrastruktir ki egziste a, pandan l ap diminye leplis posib enpak sou kominote nan zanviwon an. Sa pral pèmèt Liy Hell Gate la repare epi ogmante santiman sekirite pasaje kap vwayaje soti nan yon vil pou ale nan yon lòt epitou pou yo rive alè.

Anplis nouvo stasyon, pwojè a pral transfòme wout ray chemen fè 2 vwa ki la deja pou l tounen yon gran wout ray chemen fè 4 vwa, ak plis pase 19 mayl travay konstriksyon ak reyabilitasyon chemen fè. Pwojè a gen ladann tou 4 reyabilitasyon pon, rekonfigirasyon New Rochelle Yard Metro North la, 4 nouvo anbranchman ak 1 rekonfigirasyon anbranchman, 5 nouvo soustasyon ak 2 soustasyon modènize, epi modènizasyon enfrastruktir siyalizasyon, kouran ak kominikasyon.



Amelyorasyon nan Hell Gate Amtrak genyen deja ap pèmèt Metro-North bay sèvis



Pi bon koneksyon rejyonal nan Penn Station pou rive LIRR, NJ TRANSIT, ak Amtrak

Ki Avantaj Pwojè a?

Yon nouvo opsyon transpò ap vin yon reyalite pou pasaje nan zòn metwopolitèn New York la, kote l ap pote yon pil ak pakèt avantaj pou rejyon an ak kominote lokal yo.



Tan Vwayaj Diminye

Pwojè a pral amelyore aksè pou katye ki pa gen sèvis epi ofri yon trajè yon plas ant West Midtown, East Bronx, Westchester ak Connecticut. Grasa kat nouvo stasyon tren aksesib pou moun andikape, pasaje East Bronx ki prale nan Penn Station ka ekonomize jiska 50 minit sou chak kous, epi sila yo ki prale Connecticut ka ekonomize jiska 75 minit. Kliyan Metro-North pou kounye a ki prale nan West Midtown ap ekonomize jiska 40 minit chak jou.



Posibilite Vwayaje Ale Retou

Pasaje kap fè ale retou ap kapab vwayaje san ankenn pwoblèm soti Penn Station pou ale Hunts Point, Parkchester/Van Nest, Morris Park, Co-op City, Westchester ak Sid Connecticut, epi vwayajè kap fè ale retou soti nan nouvo stasyon East Bronx yo ak gen yon aksè pi fasil nan dyòb, edikasyon ak opòtinite nan Westchester ak sid Connecticut. Non sèlman Penn Station Access ap ogmante opsyon transpò piblik pou moun New-York, l ap agrandi anpil rezèvwa mendèv la pou patwon nan rejyon an epi ogmante posibilite pou jwenn travay.



Koneksyon Transpò Rejyonal

Yon lyezon dirèk nan Penn Station ap ofri pasaje ki soti East Bronx lan, Westchester ak Connecticut koneksyon fasil ak NJ TRANSIT, LIRR, PATH, Amtrak ak sobwe NYCT. Nouvo sèvis la ap ogmante tou aksè nan lòt mòd transpò, tankou feri ak ayewopò. Grasa opsyon anplis yo, l ap pi fasil pou pasaje rive nan destinasyon yo nan tout Northeast la ak Mid-Atlantic.



Plis Mobilite ak Fleksibilite

Avèk plis pase 19 mayl konstriksyon ak reyabilitasyon vwa, Penn Station Access ap transfòme yon chemen fè de vwa pou l vin yon chemen fè prensipal kat vwa, sa k bay tren Amtrak ak Metro-North fleksibilite sizoka gen yon defayans, ki ta ka retade oswa kouve nan sèvis la. Pwojè a ap bay Metro-North yon dezyèm Manhattan Terminal, sa k ap ogmante rezilyans rezo jeneral Metro-North. Grasa Hell Gate Line lan k ap repara a, pwojè a pral amelyore santiman sekirite kliyan Amtrak epi fè yo plis alè.



Founi Solisyon Transpò Piblik Rantab

Fè amelyorasyon nan chemen fè rantab se yon priyorite. Olye li konstwi nouvo enfrastriki kap koute anpil kòb, pwojè a itilize enfrastriki transpò ki te la deja - kote li sèvi ak Hell Gate Line Amtrak la ki egziste deja pou bay sèvis dirèk Metro-North nan Penn Station. Pwojè a pa sèlman ekonomize lajan kontribiyab, li bese anpil tou enpak konstriksyon yo sou kominote ozalantou yo.



Dinamik Ekonomik

Grass plis opsyon chemen fè pratik, Penn Station Access ap yon boustè pou ekonomi lokal ak rejyonal. Nouvo sèvis chemen fè pou ale ak soti East Bronx la, Westchester ak Connecticut ap benefisye kanpis fòmasyon lokal, sant medikal, sant komèsyal ak koridò komès detay grasa amelyorasyon aksè nan sant sa yo. Penn Station Access ap rann li pi fasil pou vizite East Bronx lan epitou pou viv ak travay la. Li pral konplete tou lòt aktivite devlopman ekonomik yo planifye e k ap fèt kounye a nan East Bronx ak pi gwo rejyon metwopolitèn New York la.



Aksyon pou dire lontan

Grasa tan vwayaj k ap diminye a, Penn Station Access ap ankouraje chofè kite vwayaj nan machin pou kont yo pou pran transpò piblik. Sa pral diminye anbouteyaj ak degajman gaz. Lè opsyon transpò ak konfyans sou wout ogmante, sa pral ede nan anpeche dyòb ak sitwayen yo ale lòt kote epi konsève mòd okipasyon sòl ki pa konsome enèji konsantre epi ki kenbe degajman gaz ak efè sè yo nan yon nivo ba. Pwojè a fèt pou l reponn ak nòm sektè a pou l dire lontan.



Rapwoche Kominote yo

Pwojè a pral konekte kominote yo sou tout longè Hell Gate Line lan. Kanpis fòmasyon, sant medikal, sant komèsyal ak pak ap fi fasil pou rive ladan yo - pou moun Bronx epi tou pou sila yo k ap soti nan zòn New York City, Westchester, Connecticut ak rejyon Northeast la.

Enfòmasyon tout kout

Frekantasyon

30000

pasaje pral itilize nouvo sèvis la chak jou.

13,000

pasaje pral monte oswa desann nan 4 nouvo stasyon yo chak jou nan East Bronx la.

Diminasyon nan Kantite Mayl y ap Vwayaje

80,000

mayl anmwens machin ap kouri chak jou.

2850

vwayaj chak jou pap fèt nan machini pèsònèl ankò.

Plan Sèvis Chemenfè

102

tren North-Metro sipoze opere sou Hell Gate Line la.

60

tren Amtrak sipoze opere sou Hell Gate Line lan.



Chif

25 %

rezidan annan koridò Pwojè East Bronx la ap viv anba nivo moun pòv la.

90 %

rezidan anndan koridò Pwojè East Bronx la se minorite.

19

mayl nouvo vwa ak sak reyabilite pral konstwi.

90

minit se tan k pase nan tan nòmal chak sikwi pandan vwayaj chak jou pou ale ak tounen nan East Bronx la.

4

ane se anviwon tan konstriksyon a dire pou Penn Station Access.

